

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun unsur struktural jeung ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén*.

Hasil analisis struktural tina kumpulan carpon budak Ulin di Monumén Karya Tétti Hodijah, kapaluruh aya sababaraha unsur intrinsik nu ngawengku téma, fakta carita (galur, latar, jeung karakter tokoh), sarta sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa).

Sacara gurat badagna dina ieu unsur intrinsik, téma nu kapaluruh dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* nyaéta nyaritakeun rupa-rupa kajadian nu kaalaman ku barudak nu umurna teu leuwih ti opat welas taun. Tuluy nu jadi téma utama dina ieu kumpulan carita budak téh nyaéta teu leupas tina kecap “ulin” boh ulin jeung kulawargana, boh ulin jeung sobat, atawa ulin ka hiji tempat nu ahirna mah ulin sabari diajar. Galur nu kapaluruh dina kumpulan carpon budak Ulin di Monumén aya genep nu ngagunakeun galur maju, tilu carpon ngagunakeun galur campuran, jeung hiji carpon ngagunakeun galur mundur. Karakter (palaku jeung watek) dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* miboga palaku utama jeung palaku tambahan, sarta miboga watek nu béda-béda. Watek palaku utama nu protagonis kapaluruh aya tujuh dina judul carpon “Paguneman”, “Surat keur Pusi”, “Usum Halodo Panjang”, “Kanyaah Mamah”, “Ulin di Monumén”, “Di Langit Béntang Baranang”, jeung “Nganjang ka Sakola Luar Biasa”. Sedengkeun watek palaku utama nu antagonis kapaluruh aya tilu dina judul carpon “Sang Raja”, “Si Centil Uky”, jeung “Katempuhan”. Latar dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* kabagi tilu nu ngawengku latar tempat, waktu, jeung sosial. Latar tempat nu kapaluruh dina carita kahiji di masjid, kadua di imah, katilu di leuweung, kaopat di imah, kalima di imah, kagenep di imah, katujuh di monumén, ka dalapan di imah, ka salapan di SLB, ka sapuluh di kamar. Latar waktu nu kapaluruh béda-béda dina tiap caritana. Latar sosial nu kapaluruh aya opat carita nu ngagambarkeun kalangan sosial panengah, hiji carita nu ngagambarkeun kalangan sosial handap, jeung 5 carita nu ngagambarkeun

kalangan sosial luhur. Judul nu kapuluruh dina kumpulan carpon *budak Ulin di Monumén* sakabéhna saluyu antara judul carita jeung eusi nu dicaritakeun. Puseur implengan nu kapuluruh nyaéta puseur implengan jalma kahiji aya dina judul carita “Surat keur Pusi”, “Kanyaah Mamah”, “Sang Raja”, “Si Centil Uky”. Sedengkeun puseur implengan jalma katilu aya dina judul carita “Paguneman”, “Usum Halodo Panjang”, Ulin di Monumén”, “Di Langit Béntang Baranang”, “Nganjang ka Sakola Luar Biasa”, jeung “Katempuhan”. Gaya basa nu kapaluruh dina kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* aya lima nyaéta rarahulan, ngumpamakeun, mijalma, lalandian, jeung sindir.

Hasil analisis ajén atikan karakter nu kapanggih aya 17 ajén atikan karakter bangsa, nyaéta: (1) *religius*, (2) *jujur*, (3) *toléran*, (4) *disiplin*, (5) *kerja keras*, (6) *kreatif*, (7) *mandiri*, (8) *démokratis*, (9) *rasa ingin tahu*, (10) *semangat kebangsaan*, (11) *cinta tanah air*, (12) *menghargai préstasi*, (13) *bersahabat atau komunikatif*, (14) *cinta damai*, (15) *peduli lingkungan*, (16) *peduli sosial*, jeung (17) *tanggung jawab*. Anapon hiji ajén atikan karakter nu teu muncul dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* téh nyaéta ajén atikan karakter *gemar membaca*.

Tina 17 ajén atikan karakter nu kapanggih, nu sering muncul jeung kagambarkeun téh nyaéta ajén atikan karakter *peduli sosial*. Sabab mémang dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* ieu téh nyaritakeun kahirupan budak sapopoé jeung nyaritakeun paripolah nu goréng nepi ka jadi robah kana paripolah nu hadé alatan loba kajadian nu bisa nyadarkeun, sarta tangtu waé di jerona euyeub pisan ku ajén-inajén sosial.

Sanggeus dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén dina ieu panalungtikan téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti téma, faka carita, jeung sarana sastra. Tuluy ajén atikan nu nyampak dina ieu kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* kawilang euyeub pisan. Jadi ieu kumpulan carpon téh sacara atikan mah geus saluyu jeung pantes pikeun dibaca ku barudak.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun panalungtik, masarakat, jeung mahasiswa. Anapon pikeun panalungtik, bisa leuwih ngajembaran deui élmu pangaweruh tina tiori nu digarap ngunaan struktural jeung ajén atikan karakter. Tuluy pikeun masarakat, ajén atikan karakter nu baris dipedar bisa diaplikasikeun jeung dituladanan ku barudak. Nu pamungkas pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka pikeun panalungtikan nu satuluyna.

5.3 Rékoméndasi

Sabada panalungtikan ngeunaan karakter tokoh dumasar kana ajén atikan karakter dina kumpulan carpon budak *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun pihak panalungtik satuluyna nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan leuwih jembar deui nalungtik perkara ajén atikan karakter.

Kahiji, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi babandingan. *Kadua*, bisa ngajembaran deui sumber-sumber paélmuanna. *Katilu*, bisa ngaguar deui sababaraha aspék nu can kapaluruh saperti dina ulikan struktural naratologina jeung ajén-ajén nu lianna.